**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН**
**МР «ЦУМАДИНСКИЙ РАЙОН»**
**МКОУ «ВЕРХНЕГАКВАРИНСКАЯ ШКОЛА-САД»**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| на заседании ШМО | Заместитель директора по УВР | Директор школы-сада |
| ___________Муртузалиев М.А. | ___________Хасбулаев Ш.М. | ___________ Исмаилов М.М. |
| Протокол №___ от «____» ___2023г. | «______»_____2023 г. | Приказ №__ от «___» ___2023г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**учебного предмета «Родной язык»**

для 5 класса основного общего образования

на 2023-2024 учебный год

Составитель: Магомедова Сабижат Магомедовна
Учитель родного языка и литературы

**с. Верхнее Гакварии, 2023**

Авар мацӀалъул ва адабиятальул
хӀалтӀулаб программа
хӀадурун буго
Дагъистаналъул  Тахо- Годил
цӀаралда бугеб
цӀех- рех гьабиялъул
педагогикаялъул институталъул
программаги кьочӀое босун.

# Авар мацӀалъул ва адабияталъул

## тематикияб (хӀалтӀул)план

# 5

## класс



# *Программаялъе баян.*

*Жакъасеб школалда т1адаб борч ккола г1ун бач1унеб г1елалъе гъваридаб ва щулияб г1елмияб лъай къей, гьеб жидер практикаялъулъ х1алт1изабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби.*
*Гьеб масъала г1умруялде бахъинабиялъулъ к1удияб бак1 ккола рахьдал мац1алъ.*
*Миллиял школазда рахьдал мац1 малъиялъул аслияб мурад буго бац1ц1адаб литературияб мац1алда жидерго пикру эркенго загьир гьабизе ц1алдохъаби ругьун гьари (бицунги, хъванги),*
*Мац1 берцин гьабулеб алаталдаса пайда боси, миллияб художествияб ва г1елмияб литература ц1али ва бич1ч1и.*
*Авар литературияб мац1алъул къуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1данлъун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мац1азго г1адин авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачуна.*
*Школалда авар мац1 малъиялда цереч1арал масъалаби*
*Авар мац1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.*
*Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъул, лексикаялъул, раг1и лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул х1акъалъулъ лъай щвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1варалъул х1акъалъулъ баянал къей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби камиллъизари, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.*
*V-XI классазда авар мац1алъул курсалъул г1уц1и*
*Рахьдал мац1алъул программаялда рекъон, 5-9 классазда ц1алдохъабазда малъизе ккола фонетика, графика, лексика, раг1и лъугьин,грамматика (морфология, синтаксис). Гьединго ц1алдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мац1алъул х1акъалъулъ г1аммал г1елмиял баянал.*
*Ц1алдохъаби ругьунлъизе ккола бит1ун хъвазе, бит1ун ц1ализе, калам г1уц1изе ва лъалхъул ишараби лъезе.*
*Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби ва гьел пасих1го ц1ализе ругьун гьари*
*Школалда авар мац1 малъиялъ ц1алдохъабазул логикияб пикру ва калам цебет1езабула.*
***Калам цебет1езабиялда хурхараб 3 нух буго:***
*1. Авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьаби. Гьеб бечед гьабула бат1и-бат1иял словарил х1алт1абаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул х1алт1абазул текстаздалъун, к1алзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочиненияздалъун.*
*2. Авар литературияб мац1алъул раг1аби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял г1уц1иялъул, бит1ун ц1алиялъул ва гь.ц. нормаби лъай.*
*3. Авар мац1алъул дарсазда бат1и-бат1ияб темаялъул ва жжанралъул материалазда т1асан ц1алдохъаби к1алъазе ругьун гьари.*

*Ц1алдохъанасда лъазе ккола тексталда т1ад х1алт1изе,гьелъул аслияб пикру батизе,къокъаб ва г1ат1идаб план г1уц1изе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, (бицунги хъванги) изложение т1обит1изе. Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби т1аса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва г1елмияб рахъалъан дандекколел рук1ине ккола. Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандч1валел г1унгут1аби ва гъалат1ал т1аг1инаризе квербакъула.*
*Хъвавул х1алт1абазул к1одолъи борцуна раг1абаздалъун ва ч1езабун буго гьезие гьаб къадар.*

| *Класс* | *Диктант* | *Словарияб* | *Сочинение* | | *Изложение* |
|---|---|---|---|---|---|
| | *Раг1и* | *Диктант* | *Раг1и* | *Т1анчил гьумер* | *Раг1и* |
| | | *Раг1и* | | | |
| *5* | *80-90* | *10-15* | *90-100* | *0.5-1* | *100-140* |
| *6* | *90-100* | *15-20* | *120* | *1-1.5* | *140-180* |
| *7* | *100-120* | *20-25* | *140* | *1.5-2* | *180-220* |
| *8* | *120-130* | *25-30* | *160* | *2-2.5* | *240-300* |
| *9* | *130-140* | *30-35* | *180* | *2.5-3.5* | *300-400* |

***Баян:*** *Х1асилазул (контролияб ) диктантги гьебго роцада гьабила, амма цадахъго грамматикиял т1адкъаял кьолел ругони, диктант къокъ гьабизе бегьула 10 раг1иялъ.*
***Авар мац1алъе къиматал лъезе ч1езарурал нормаби.***
*1. К1алзул жавабалъе къимат кьолеб куц.*
*«5» къимат лъола, мух1канго, г1ураб гьварилъиялда малъараб материал ц1алдохъанас бицунеб ва мац1алъул г1елмиял баяназе бит1араб определение кьолеб бугони, гьединго ц1ехолеб материал т1ок1к1ун лъалеб ва, гьелдаса пайдаги босун, т1ехьалда ругел гурелги, жинцаго ургъарал мисалаздалъун жаваб кьуни.*
*«4» къимат лъола щуйил къиматалъе мустах1икъаб, амма маг1наялъулъ, яги хадуб-цебе рекъон бач1иналъулъ,1-2 гъалат1 яги бицадулъ 1-2 сакъат ккараб жавабалъе.*
*«3» къимат лъола ц1ехолеб материал аслияб куцалъ ц1алдохъанасда бич1ч1ун ва лъан бук1ин бихьизабулеб, амма определение кьолаго, яги бит1унхъваялъул къаг1ида бицунаго, г1унгут1аби ричараб, т1убараб мух1канлъи гьеч1еб жавабалъе.*

*«2» къимат лъола малъараб материалалъул ц1ик1к1унисеб бут1а ц1алдохъанасда лъалеб батич1они, бицунеб жоялъул тартиб гьеч1ого, бак1-бак1алде к1анц1ун бицунеб бугони.*
*Диктантазе къимат лъолеб куц.*
*«5» Къимат лъола гъалат1 гьеч1еб х1алт1уе. Гьеб къимат лъолеб диктанталда бук1ине бегьула бит1унхъваялъулъ биччараб 1 сакъат яги лъалхъул ишараялъулъ ккараб 1 г1унгут1и.*
*«4» къимат лъола бит1унхъваялъулъ 2 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 2 гъалат1 бугеб, яги бит1унхъваялъулъ 1, лъалхъул ишарабазулъ 3, яги бит1унхъваялъулъ цониги гъалат1 гьеч1еб, лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалат1 биччараб диктанталъе. Бит1унхъваялъулъ цого тайпаялъул 3 гъалат1 батаниги лъезе бегьула «4» къимат.*
*«3» къимат лъола бит1унхъваялъулъ 4 ва лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалат1 батараб джиктанталъе, яги бит1унхъваялъулъ 3 ва лъалхъул ишарабазулъ 5, яги бит1унхъваялъулъ цониги гъалат1 гьеч1еб, лъалхъул ишарабазулъ 7 гъалат1 ккараб х1алт1уе.*
*«2» къимат лъола бит1унхъваялъулъ 7 ва лъалхъул ишарабазулъ 7, яги бит1унхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишарабазулъ 8, яги бит1унхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишарабазулъ 9, яги бит1унхъваялъулъ 8 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 6 гъалат1 биччараб диктанталъе.*
*Грамматикиял т1адкъаял т1уразариялъе къимат лъолеб куц*
*«5» къимат лъола, гъалат1 гьеч1ого, киналго т1адкъаял т1уран ратани.*
*«4» къимат лъола, киналго т1адкъаязул ункъилъа лъабил бут1а (3/4) бит1ун гьабун батани.*
*«3» къимат лъола, бащадалниги т1адкъаял рит1ун гьарун ратани.*
*«2» къимат лъола, бащдалдаса дагь гурони бит1ун т1уразарурал т1адкъаял ратич1они.*
***5 классалъул ц1алдохъабазда лъазе ккола:***
*раг1ул бит1араб ва хъвалсараб, г1емер ва цо маг1на бук1ин, омонимал, синонимал ва антонимал;*
*раг1ул фонетикияб, морфологияб ва г1уц1иялъул разбор гьабизе;*
*бат1и-бат1иял тайпабазул г1адатал предложениял г1уц1изе;*
*учебникалда кьурал схемабазда рекъон, предложжениял г1уц1изе;*
*раг1улъ ругел рагьарал ва рагьукъал гьаркьал хисизарун, предм.ц1аралъул г1емерлъул форма лъугьинабизе.*
*Ц1алдохъабазда бажаризе ккола:*
*г1адамазул ва географиял ц1аразулъ, къват1азул, байданазул ва началихъиял байрамазул ц1аразулъ к1удияб х1арп хъвазе;*
*т1ахьазул, газетазул, журналазул, суратазул, кинофильмабазул, литературиял асаразул ц1аразул бет1ералда к1удияб х1арп хъвазе ва кавычкаби лъезе;*
*журарал раг1аби рит1ун хъвазе;*
***6 классалъул ц1алдохъабазда лъазе ккола:***
*Цогидал мац1аздаса рач1арал раг1аби, ц1иял ва басралъарал раг1аби, фразеологиял сверелал.*
*Морфологияб къаг1идаялъ раг1и лъугьинабизе.*

*Цолъул ва г1емерлъул формаялда предм.ц1арал падежазде сверизаризе.*
*Г1адатаб ва жубараб прилагательное лъугьинабизе.*
*Причастиял ва деепричастиял лъугьинаризе.*
*Ц1алдохъабазда бажаризе ккола:*
*Предм.ц1аралъул суффиксал рит1ун хъвазе.*
*Журарал предм.ц1арал рит1ун хъвазе.*
*Рик1к1ен ва ц1арубак1ал рит1ун хъвазе*
*Причастиял ва деепричастиял сверелазулъ лъалхъул ишараби лъезе.*
*Жубараб план г1уц1изе.*
*Бат1и-бат1иял темабазда т1асан ха*
*Барияб тайпаялъул текст дурусго ва къокъго бицине.*
*Цо сундул бугониги цебе суратги ч1езабун, хабар г1уц1изе.*

***7 классалъул ц1алдохъабазда лъазе ккола:***
*7 абилеб классалда лъазарурал жалго жидедаго ч1арал ва кумекалъулал каламалъул бут1аби баян гьаризе.*
*Глаголалъул бат1и-бат1иял формаби лъугьинаризе.*
*Ц1алдохъабазда бажаризе ккола:*
*Глаголал рит1ун хъвазе. Союзал, хадурег1ел ва частицаби бит1ун хъвазе, междометиязда хадуб запятая яги ах1ул ишара лъезе. Глаголал, наречиял (аск1об, цебе, гъорлъ) ва частицаби, авар литературияб мац1алъул орфоэпия ц1унун, ц1ализе.*
*Г1адамасул сипат-сураталъулги х1алт1ул иналъулги описаниялъул элементал ругеб хабарияб тексталъул г1ат1идгоги къокъгоги изложение хъвазе.*
*Ц1алдохъабазда лъазе ккола:*
*Раг1абазул дандраязул, бат1и-бат1иял тайпабазул г1адатал предложениязул, рат1алъизарурал членалгун предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе.*
*Раг1абазда гьоркьоб бугеб бухьен баян гьабизе.*
*Цо составалъул, к1иго составалъул ва лъабго составалъул, тайпа цоял ва рат1алъизарурал членал, обращениял ва гьоркьор ккарал раг1аби ругел г1адатал предложениял г1уц1изе.*

***9 классалъул ц1алдохъабазда лъазе ккола:***
*Журарал предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе.*
*Бат1и-бат1ияб тайпаялъул журарал предложениял данде гьаризе.*
*Бит1араб калам хъвалсаралде сверизабизе.*
*Ц1алдохъабазда бажаризе ккола:*
*Жубараб сок1к1араб предложениялъул бут1абазда гьоркьоб запятая лъезе.*
*Жубараб предложениялъул бет1ераб ва т1аджубараб бут1аялда гьоркьоб кколелъуб запятая лъезе.*
*Союз гьеч1еб жубараб предложениялъулъ х1ажатал лъалхъул ишараби лъезе.*
*Гьит1инаб ялъуни к1удияб макъалаялда т1асан коспект, ялъуни тезисал х1адуризе.*

## *VI классалъул цIалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал.*

### *ЦIалдохъабазда лъазе ккола:*

& цогидал мацIаздаса рачIарал рагIаби, цIиял ва басралъарал рагIаби, фразеологиял сверелал;
& морфологияб къагIидаялда рагIи лъугьинабизе;
& цолъул ва гIемерелъул формаялда предметиял цIарал падежазде сверизаризе;
& гIадатаб ва жубараб прилагательное лъугьинабизе;
& иргадул рикIкIеналгун предметиял цIарал рекъон ккезари;
& причастиял ва деепричастиял лъугьинаризе;
& рагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе;

### *ЦIалдохъабазда бажаризе ккола:*

***Орфографиялъул рахъалъан:***

& предметиял цIаралъул суффиксал битIун хъвазе;
& журарал предметиял цIарал битIун хъвазе;
& батIи-батIиял каламалъул бутIабаздаса лъугьарал прилогательноял битIун хъвазе;
& рикIкIен ва цIарубакIал битIун хъвазе;

***Пунктуациялъул рахъалъан:***

& причастиял ва деепричастиял сверелазулъ лъалхъул ишараби лъезе;

***Орфоэпиялъул рахъалъан:***

&гIемерлъул формаялда цIарубакIазул падежиял ахирал битIун цIализе;

***Калам гIуцIиялъул рахъалъан:***

& жубараб план гIуцIизе;
&батIи-батIиял темабазда тIасан хабарияб тайпаялъул текст дурусго ва къокъго бицине;
& темаялъул аслияб пикруги хIисабалде босун, сочинениялъе материал данде гьабизе ва гьеб тартибалде ккезабизе;
&цо сундул бугониги суратги цебе чIезабун, хабар гIуцIизе;
& бахIс ккараб темаялда тIасан макъала хъвазе.

# *5 класс. Авар мац1.*

| № п/п | Тема | Часы | Словарная работа | Наглядность | Повторение темы | Дата по плану | Дата по плану |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Мац1 ва инсан . Раг1ул г1уц1и, к1ирекъарал х1арпал. | 1 | Биххана, биччана, бакана, буссана, реч1ч1ана, | таблица, | Каламалъул бут1аби | | |
| 2 | Каламалъул бут1аби Раг1абазул дандрай. | 1 | Ях1-намус, гара-ч1вари, рик1к1ад, Рик1к1ад, рук1к1ине, | таблица, | К1ирекъарал х1арпал Раг1абазул дандрай | | |
| 3 | **Контролияб диктант Гъалат1азда т1ад х1алт1и.** | 1 | | Диктантазул мажмуг1 | | | |
| 4 | Предложение.Текст . | 1 | ч1ег1ерх1инч1, шур-шури, | таблица | | | |
| 5 | Абулеб жоялъул мурадалда балагьун , предложениязул тайпаби. Ах1ул предложение. | 1 | Бихха-хочи, бихха-бичи, бихх-бихxи, | карточкаби | Предложение | | |
| 6 | Предложениялъул членал. Предложениялъул бет1ерал членал. Подлежащее, | 1 | Биххизаби, ихх, бихъ-бихъи, бихьа-лъай, | таблица, карточкаби | Суалияб предл. | | |
| 7 | Сказуемое. Бит1араб дополнение. | 1 | | | Ах1ул предл. | | |
| 8 | **Контролияб диктант Гъалат1азда т1ад х1алт1и.** | 1 | | Диктантазул мажмуг1 | Подлежащее Сказуемое.. | | |
| 9 | Предложениялъул бет1ерал гурел членал. Определение. | 1 | Ццинбахъин, багъ-багъи, багъизаби, | карточкаби | Бит1араб дополнение | | |
| 10 | Хъвалсараб дополнение. Х1ал. | 1 | ч1вай-хъвей. | | Определение. | | |
| 11 | **Изложение «Оцолги кьоркьолги х1акъалъулъ».** | 1 | | Изложениязул мажмуг1. | Хъвалсраб дополнение. | | |
| 12 | Т1ирит1арал ва т1ирит1ич1ел предложениял. Тайпа цоял членалгун предложениял. | 1 | ц1вак-ц1ваки, ц1ех-рех, ц1ик1к1инаби, | карточкаби | Х1алал. | | |
| 13 | Хит1аб.Хит1абгун лъалхъул | 1 | Раххан, ххам, ххвел, | | Т1ирит1ич1ел | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | ишараби. | | | | предложениял | | |
| 14 | Г1адатаб предложениялъул разбор. Г1адаталги жураралги предложениял. | 1 | Ч1варкь-ч1варкьи, Баккари, бакк-бакки | таблица, карточкаби | | | |
| 15 | Бит1араб калам. Диалог. Синтаксис ва пунктуация такрар гьаби | 1 | Ч1ег1ерх1айван, ч1ах1и-ч1ах1иял, | | Бит1араб калам Диалог. | | |
| 16 | **Контролияб диктант Гъалат1азда т1ад х1алт1и** | 1 | | Диктантазул мажмуг1 | | | |
| 17 | Фонетика . Рагьарал гьаркьал.. Рагьукъал гьаркьал. | 1 | Бихъ-бихъи, | таблица | | | |
| 18 | Лабиалиял гьаркьал.ва геминатал. Графика . Алфавит. | 1 | Сайигъат, гьаркьидалъун, кисан, | таблица, | Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал | | |
| 19 | Е, Ё, Ю, Я х1арпал. Ь ва Ъ. Слог ва раг1и бикьун боси. Ударение. | 1 | Лах1ч1ег1ераб, билбаг1араб, баг1арккараб, | таблица, карточкаби | Е, Ё, Ю, Я х1арпал. Ь ваЪ | | |
| 20 | Фонетика ,графика ва орфография такрар гьаби. Раг1ул фонетикияб разбор. | 1 | Гьабсаг1ат, ч1ванкъот1ун, | таблица | Ударение. | | |
| 21 | **Контролияб диктант Гъалат1азда т1ад х1алт1и** | 1 | | | | | |
| 22 | Раг1и ва раг1ул лексикияб маг1на. Цо маг1наялъул ва г1емер маг1наялъул раг1аби. Раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1на. | 1 | Пуруц1-рукьги, къебелъи, Ессарухъан, коч1охъан кьурдухъан, зурмихъан, | таблица, карточкаби | Фонетикияб разбор. Раг1ул маг1на. | | |
| 23 | Омонимал.. Синонимал. Антонимал. | 1 | Гулла, х1илла, х1атта, | таблица, | Раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1на. | | |
| 24 | Морфема –раг1ул бищун гьит1инаб маг1наяб бут1а. Раг1ул ахир ва аслу. | 1 | Ццин, ицц, ц1ц1е, ц1ц1ани, | таблица, карточкаби | Риххизе бегьуларел раг1абазул дандраял. | | |
| 25 | Раг1ул кьибил. Суффикс. | 1 | | | Раг1и хиси. | | |
| 26 | Раг1ул кьибилалъулъ гьаркьазул хиси. Морфемика .Орфография такрар гьаби. | 1 | Хъухъанчед, зулмучаг1и, | таблица, | Раг1ул ахи рва аслу. | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 27 | **Контролияб диктант Гъалат1азда т1ад х1алт1и** | 1 | | Диктантазул мажмуг1. | | | |
| 28 | Морфология . Предметияб ц1ар. | 1 | г1исинпихъ, шиша, | таблица | Раг1ул кьибил. | | |
| 29 | Хасал ва г1аммал ц1арал. Предметияб ц1арул жинс. Предметияб ц1аралъул форма. | 1 | Даг1ба-раг1и, дал-дали, дандекквей, | карточкаби | Раг1ул кьибилалъулъ гьаркьазул хиси. | | |
| 30 | Предметияб ц1ар такрар гьаби. **Сочинение «Их».** | 1 | Даран-базар, дару-сабаб, бет1ерч1вай, берреч1и, берккей, | таблица, | Рагьарал гьаркьал хиси. | | |
| 31 | Глагол. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал. Глаголияб ц1ар. | 1 | Сук1-сук1и, руссун, цо-цоккун | таблица, карточкаби | Хасал ва г1аммал ц1арал | | |
| 32 | Глаголалъул заманаби. | 1 | Рахъ-мухъ, х1ел-х1ели, хъвай-хъваг1ай, | таблица, карточкаби | Глагол | | |
| 33 | Г1ахьалаб ва гьанже заманалъул глаголал. Глагол такрар гьаби. | 1 | | | Глаголияб ц1ар | | |
| 34 | **Контролияб диктант «Туристасе насих1ат».** Араб материал такрар гьаби. | 1 | Вилълъунаго, ц1ик1к1ун, фляга, г1исинпихъ, шиша, | Диктантазул мажмуг1 | | | |
| | | | | | | | |